

BAB V

KACINDEKAN JEUNG RÉKOMÉNDASI

Dina ieu bab, dipedar ngeunaan kacindekan hasil panalungtikan jeung rékomédasi hasil panalungtikan kahareupna.

5.1 Kacindekan

Tujuan ieu panalungtikan téh nyaéta pikeun ngadéskripsikeun struktur carita, ajén atikan karakter, jeung ajén étnopédagogik dina séri carita budak *Jang Adul Sabatur-batur* karangan Usép Romli H.M., pikeun dijadikeun salah sahiji alternatif bahan ajar aprésiasi sastra Sunda di SD. Tina 28 judul carita dina séri carita budak *Jang Adul Sabatur-batur* karangan Usép Romli H.M., dipilih 10 carita anu dianalisis ajén atikan karakter jeung étnopédagogi anu kagambar dina struktur caritana, dumasar kana variasi témana. Anapon pamarekan anu digunakeun dina ieu panalungtikan téh nyaéta pamarekan kualitatif tur ngagunakeun métode déskriptif, sarta téhnik studi dokuméntasi.

Struktur carita anu dianalisis téh dumasar kana tiori Nurgiantoro ngeunaan struktur carita sastra budak anu ngawengku palaku, galur, latar (waktu, tempat, sosial), téma, moral/amanat, puseur implengan, jeung stile. (1) Tina 10 judul carita anu dianalisis, para palaku dina unggal carita téh henteu réa, palaku utamana mah nyaéta Jang Adul. (2) Galur dina sakabéh carita anu dianalisis téh nyaéta ngagunakeun galur mérélé, kagambar bagian awal, tengah, jeung ahirna. (3) Latar waktu anu kapanggih dina carita-carita anu dianalisis téh nuduhkeun waktu farsial jeung titimangsa. Latar tempat dina carita-carita anu dianalisis nyaéta di lembur. Latar sosial anu kagambar dina carita téh nyaéta réréana ngagambarkeun kahirupan masarakat ékonomi menengah di lembur, anu réa tokoh agama jeung pola pikirna geus modérn. (4) Téma atawa jejer carita-carita anu dianalisis téh réréana henteu jauh tina téma anu patali jeung kahirupan budak sakola di pilemburan. (5) Moral dina carita-carita anu dianalisis téh aya anu mangrupa pépéling jeung mangrupa kritik sosial. (6) Puseur implengan tina sakabéh carita anu dianalisis téh nyaéta jalma katilu. (7) Stile atawa gaya nyarita/basa anu digunakeun dina carita téh ngagunakeun basa anu basajan.

Ema Rohimah, 2022

SÉRI CARITA BUDAK JANG ADUL SABATUR-BATUR KARANGAN USÉP ROMLI H.M. PIKEUN ALTERNATIF BAHAN AJAR APRÉSIASI SASTRA SUNDA DI SD (ULIKAN STRUKTURAL, AJÉN ATIKAN KARAKTER, JEUNG ÉTNOPEĐAGOGI)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Dumasar kana hasil analisis, kapanggih aya 35 sikep palaku dina carita anu nuduhkeun moral kamanusaan (MM). Tina éta 35 sikep téh aya 12 sikep anu kaasup komponén catur tunggal watak olah hati (*spiritual and emotional development*), Aya salapan sikep kaasup komponén olah pikir (*intellectual development*), aya salapan sikep kaasup komponén olah raga jeung kinéstétik (*physical and kinesthetic development*), jeung aya lima sikep anu kaasup komponén olah rasa jeung karsa (*affective and creativity development*). Tina 35 sikep anu kapanggih téh aya genep sikep anu nuduhkeun moral manusa ka Pangéran (MMT), aya 32 sikep anu nuduhkeun moral manusa ka diri pribadi (MMP, aya 12 sikep anu nuduhkeun moral manusa ka papada manusa (MML, aya hiji sikep anu nuduhkeun moral manusa ka alam (MMA), aya hiji sikep anu nuduhkeun moral manusa kana waktu (MMW), sarta aya 30 sikep anu nuduhkeun moral manusa dina ngahontal kasugemaan lahiriah jeung batinhiah (MMLB. Ajén étnopédagogi anu kapanggih téh nyaéta kabiasaan kaarifan lokal anu patali jeung lingkungan hirup, sistem kapercayaan, ékonomi jeung tatanén, sarta kakawihan jeung kaulinan budak. Dumasar kana hasil analisis kritéria milih bahan ajar mah, sakabéh objék panalungtikan téh luyu dijadikeun bahan ajar aprésiasi sastra Sunda di SD.

5.2 Rékoméndasi

Dumasar kana hasil panalungtikan anu geus dilaksanakeun, aya sababaraha rékoméndasi pikeun kamekaran panalungtikan ka hareupna, nyaéta saperti ieu di handap.

1) Pikeun Mahasiswa Program Studi Bahasa dan Budaya Sunda

Panalungtikan anu objékna karya-karya sastra budak téh kawilang réa, Ieu panalungtikan téh ngaguar ngeunaan struktur carita jeung étnopédagogik dina séri carita budak *Jang Adul Sabatur-batur* karangan Usép Romli, H.M., pikeun alternatif bahan ajar aprésiasi sastra Sunda di SD. Tangtu garapan ieu panalungtikan téh kawilang heureut kénéh. Ku kituna, perlu dilaksanakeun deui panalungtikan anu leuwih lega garapanna, hususna ngeunaan karya sastra budak anu bisa dijadikeun bahan ajar di SD. Karya sastra budak dina kamekaran sastra

Ema Rohimah, 2022

SÉRI CARITA BUDAK JANG ADUL SABATUR-BATUR KARANGAN USÉP ROMLI H.M. PIKEUN ALTERNATIF BAHAN AJAR APRÉSIASI SASTRA SUNDA DI SD (ULIKAN STRUKTURAL, AJÉN ATIKAN KARAKTER, JEUNG ÉTNOPIÉDAGOGI)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Sunda, sastra Indonesia, jeung sastra dunya téh béda-béda, tur miboga ciri has masing-masing, kaasup pasualan génré. Ku kituna, pikeun panalungtikan ka hareupna, perlu aya panalungtikan husus ngeunaan bébédaan ciri has mandiri anu ngabédakeun masing-masing karya sastra, pikeun nambahan jeung ngajembaran pangaweruh ngeunaan tiori-tiori sastra budak, hususna kalungguhanna dina kamekaran karya sastra Sunda.

2) Pikeun Guru Bahasa Sunda

Nilik kana kaayaan kiwari, teu saeutik budak SD anu minat maca jeung diajar téh kurang. Pikeun narékahan éta pasualan téh, paraguru kudu leuwih rancagé dina milih bahan ajar anu leuwih ngirut, luyu jeung kaayaan psikologis budak, jeung ngangkat pasualan anu deukeut jeung kahirupan nyata di sabudeureun budak, sangkan ngababarikeun budak dina maham matéri pangajaran jeung nyangkem kana ajén-inajén picontoeun dina kahirupan sapopoé. Ku kituna, ku ayana panalungtikan ngeunaan struktur carita jeung étnopédagogik dina séri carita budak *Jang Adul Sabatur-batur* karangan Usép Romli, H.M. téh, bisa dijadikeun salah sahiji alternatif pikeun ngeuyeuban pilihan bahan ajar pangajaran aprésiasi sastra Sunda di SD.